

CHIMEN

pou pwoteje moun



REFIJIYE AK IMIGRAN YO

MINISTÉRIO DA
JUSTIÇA E
SEGURANÇA PÚBLICA



Kò Teknik

Editorial

Círculos de Hospitalidade
Rua Juan Ganzo Fernandes, 230
Saco dos Limões, Florianópolis - SC
88045-210
CNPJ: 29.309.202/0001-00

Brochi: Chimen pou Pwoteje moun Refijye ak Imigran yo
CHIMEN 1- REGILARIZASYON MIGRATWA AK DOKIMAN
CHIMEN 2- DWA TRAVAY
CHIMEN 3- AKSÈ NAN SÈVIS PUBLIK: SANTE, EDIKASYON AK REZO
SOSYO ASISTANSYAL

Círculos de Hospitalidade se yon òganizasyon nan soyeste sivil la ki travay sou aksyon sa yo, **pwoteksyon** ak **entegrasyon** pou popilasyon refijye ak imigran yo, epi chèche konsyantize sosyete a ki akèyi flo migratwa ak deplasman fose. Misyon nou se rejenere kilti la pè ak ospitalite nan tan zenofobi ak kriz imanitè yo.

Rechèch ak elaborasyon konten an: Migranós konpoze pa Isabella Nikel, Pâmela Moraes, Raissá de Oliveira e Thalia Pasetto Biléssimo

Òganizasyon: Círculos de Hospitalidade

Tradiksyon: Fernando Pedretti e Desmond Patrick Cox (Anglè), Clefaude Estimable (kreyòl) ak Claudia Leticia Lazcano Vázquez (espanyòl)

Revizyon: Miguel Augusto Carneiro Pinto Ribeiro

Konsepsyón grafik ak dyagram: Marina Moraes

Piblikasyon sa kapab repwodwi an antye oswa an pati, dèské li gen otorizasyon òganizasyon Círculos de Hospitalidade, Ministè Piblik ak Sikirite Piblik.

Brochi **Chimen pou Pwoteksyon Moun Refijye ak Imigran** yo te prepare nan kad ak Pwojè Entegra ki te aplike pa Òganizasyon "Círculos de Hospitalidade" an ankò ak kolaborasyon kite siyen ak Ministè Jistis ak Sekirite Piblik la, nan akò 917921/2021, epi ki te reyalize avèk finansman Avi Apèl Piblik SENAJUS N° 01/2021.

Brochi sa ap chèche ranfòse pwoteksyon ak aksè nan dwa moun yo ki benefisyé nan Pwojè Entegra, yon fwa ke objektif pwojè sa se ankouraje pwoteksyon ak entegrasyon lokal pou moun kap chèche azil, refijye, apatriye ak imigran yo nan departman Santa Catarina, atravè aktivite asistans prezansyèl oubyen an liy ki bay oryantasyon sou lejislasyon migratwa.

Gen aksè nan enfòmasyon ki fasil, ak bòn kalite ki kapab ede imigran yo konnen dwa yo, epi lap tounen pi fasil nan pwoesisis pou adapte yo nan yon nouvo peyi. Mete sa nan tèt ou, bwonchi sa gen pou objetif prezante oryantasyon de baz yo sou aksè nan dwa ak sèvis Piblik pou imigran nan Brezil.

Nap raple ou ke brochi sa montre chimen pou pwoteksyon ak aksè nan dwa moun ki refijye ak imigran yo. Sepandan, si tout fwa ou ta gen kèk difikilte pou jwenn aksè nan dwa ou ak nan sèvis piblik yo oswa pou fè dokiman nan pwochen paj yo, konnen ke nou la pou ede ou. Nan ka sa, antre an kontak avèk ekip nou an, ki pral kabap ede ou nan sa ki nesesè.



Somè Chimen

Premye Chimen

Regilarizasyon Migratwa Ak Dokiman.

Paj 06

Regilarizasyon Migratwa.....	paj 06
Kòman pou fè Rejistreman Moun Fizik (CPF)	paj 09
Ouvèti Kont Bankè.....	paj 11
Reyinyon famillyal.....	paj 13
Kòman valide pèmi kondwi.....	paj 15

Twazyèm Chimen

Askè nan sèvis publik yo:
sante, edikasyon ak rezo sosyoasistansyèl

Paj 22

Dwa Sante.....	paj 22
Dwa edikasyon.....	paj 25
Dwa nan rezososoasistansyal.....	paj 26
Dwa moun kap viv nan la ri.....	paj 29
Lweyaj imèb.....	paj 30

Dezyèm Chimen

Dwa Travay
Paj 16

Kòman emèt Kanè Travay Dijital.....	paj 16
Dwa Travay.....	paj 17
Vyolasyon dwa Travay.....	paj 18
Asèlman moral ak Seksyèl.....	paj 20
Zenofobi ak rasis.....	paj 21

Chemen 1

Regilarizasyon migratwa ak dokiman

Mwen apèn rive nan Brezil, kisa m dwe fè?

Deja byenvini! Konnen ke kèlkeswa peyi oubyen orijin ou, oswa nan fason ou te antre Brezil, ou akèyi isit la epi ou pap soufri okenn tip de diskriminasyon. Pou amelyore entegrasyon ou, li enpòtan pou w konnen dwa ou ak devwa ou. Nan pwochèn paj yo, nou pral prezante ou enfòmasyon ki pi enpòtan pou ou menm ki fenk rive oswa ki te Brezil deja depi lontan.

PREMYE PA

Fè regilarizasyon migratwa

Regilarizasyon migratwa se yon pwosesis kote yon migran resevwa otorizasyon pou ka rete nan Brezil yon fason regilyèman epi ou jwenn yon dokiman idantifikasiyon nasional. Al dèyè regilarizasyon se yon dwa ak devwa ou isit nan Brezil, epi sa fèt nan Polis Federal (PF) nan rejyon kote wap viv la. Ou kapab antre an kontak nan adres komisarya yo Polis Federal nan Santa Catarina nan [lyen sa](#).

An jeneral chwa pou regilarizasyon migratwa yo se: Otorizasyon Rezidans, demand azil oswa anrejistrem. Ou kapab konprann sa pi byen, chak nan pwosedi sa yo vle di, lè ou konsilte glosè ki nan fen brochi sa. Klike nan [lyen sa](#) oswa eskane kòd QR Code X pou konnen ki tip de pèmi rezidans ou gen dwa ladaml. An ankò ak nasyonalite ou, oswa kondisyon pèsònèl ou.

Gen kèk tèm, ki lajman itilize nan moman wap fè otorizasyon migratwa a, epi li enteresan pou ou konnen yo. Yo se:



KLICK NAN LYEN SA OUBYEN ESKANE QR KÒD SA POU KONNEN KI TIP DE PÈMI DE REZIDANS OU GEN DWA AN AKÒ AK NASYONALITE OU.



Mwen pa reyisi pran randevous nan Polis Federal pou fè ou renouvre dokiman mwen, e kulye a?



Avan ou konprann ki sa w dwe fè, wap bezwen konnen kilè dokiman ou ap ekspire. Se dokiman ekspire **aprè mas 2020**, epi ou tap tante pou jwenn yon randevou depi lè sa, epi ou gen yon aplikasyon pou yon pèmi rezidans ki te ranpli nan non ou jiska 11 mas 2022.

Ou dwe konnen ke dokiman ou, sil se CRNM, DPRNM, ou Pwotokòl d'Azil, li pral **konsidere pwolonje ak valab pou jiska 15 sèptanm 2022**. Sa vle di, ou kapab itilize dokiman ou nòmalman, jis rive nan jou kap 15/09/2022. Konsa ou pap gen pou peye okenn amand, ni ou pral soufri okenn penalite.

Pou montre ke wap akonpli devwa ou, li posib pou prezante nan Ódonans [n°28/2022-DIREX/PF](#) nan travay ou, nan bank, oubyen nan nenpòt lòt anviwònans ki plase an chaj pou renouvre dokiman ou. Si sa pa fonksyone, sa vle di, si dokiman ou ekspire avan **mas 2020** oubyen si se premye fwa ke w bezwen yon randevou nan Polis Federal, chèche Defansè Piblik Inyon an (DPU) nan reyon kote wap viv la oubyen òganizasyon yo ki bay sèvis pou ede migran yo, epi mande èd. [Klike la](#) pou rankontre DPU ki pi pròch ou!

DEZYÈM PA

Fè anrejistrem Moun Fizik (CPF)

Dèske ou rive Brezil, li enpòtan pou fè CPF, paske dokiman sa pral esansyèl pou ou gen aksè nan diferan sèvis piblik yo tankou sante, edikasyon, asistans sosyal epi tou pou siyen yon kontra travay yon fason pi fasil. Ou kapab emèt CPF la nan Resèt Federal ki pi pwòch ou, oswa pa entènèt atravè [lyen sa](#). Pou emèt dokiman sa, wap bezwen prezante pyès sa yo:



Ak de nesans/ Batistè ou maryaj

Kanè Anrejistrem Nasyonal Migratwa; oswa pwotokòl d'Azil, oubyen Dokiman Anrejistrem Nasyonal Migratwa (DPRNM), oswa Sètifikasi Enskripsyon Konsilè ki gen foto ladani.



ATANSYON

Si tout fwa ou gen nasyonalite nan yonn nan peyi ki fè pati Mercosul, ou pral bezwen prezante sèlman Ak de Nesans oubyen Ak Maryaj ou, ak dokiman vwayaj ou, paspò oswa kat idantite¹.

¹Nan Brazil, nou rele dokiman nasyonal de idantite sivil, Sedil idantite, Kat idantite, idantite ou Anrejistrem jeneral (RG).

KONSEY!

Se trè enpòtan pou **aprann pòtigè** pou kapab entegre ou nan Brezil, jwenn aksè nan opòtinite travay yo. Chèche yon kou **Pòtigè kòm Lang d'akèy (PLAc)** nan rejon kote w ye a, oubyen antre an kontak ak Círculos de Hospitalidade.



TWAZYÈM PA

Fè Kanè Travay Dijital

Apre ou fin gen CPF la ak dokiman migratwa nan men ou, ou deja pre pou chèche travay. Pou travay yon fason regilyè nan Brezil, li enpòtan pou telechaje nan selilè/pòtab ou, aplikasyon gratis ki rele Kanè Travay Dijital (Carteira de Trabalho Digital) pou ke ou kabap anrejistre w. Antre Kanè Travay ou epi verifye kontra travay ou.

Antre nan [lyensa](#) oubyeneskane QR **Brochi Konsèy pou Travay**, ki te prepare pa Círculos de Hospitalidade ak OIM- Ajans ONU pou Migrasyon. Nan brochi sa, ou pral rankontre konsèy pratik, de kòman ou dwe prepare yon CV, kote pou w chèche travay ak kòman pou w prezantew nan yon entretyen de travay. Ou kabap jwenn tou opòtinite pou travay nan [Sistèm Nasional pou Anplwa](#), Sistema Nacional de Emprego (Sine).



ESKANE QR KÒD LA. BROCHI KI GEN KONSEY POU TRAVAY LA , TE PREPARE PA CIRCULOS DE HOSPITALIDE AK OIM AJANS ONU POU MIGRASYON. NAN BROCHI SA, WAP JWENN KONSEY PRATIK POU PREPARE CV OU , KOTE POU CHÈCHE TRAVAY. WAP KAPAB JWENN TOU OPÒTINITE TRAVAY NAN INISYATIV GOUVÈNMANTAL YO ,TANKOU SISTÈM PUBLIK POU TRAVAY (SINE).

Ou gen difikilte pou fè Kanè Travay Dijital? Antre an kontak avèk Círculos de Hospitalidade, atravè e-mail oswa WhatsApp, nou kapab ede ou.



Mwen kapab ouvri yon kont bankè si mwen pa gen dokiman oubyen si dokiman mwen eksپire?



Wi, ou kapab ouvri yon kont bankè, menm kan ou poko genyen dokiman migratwa oswa sil eksپire. [La Lwa Migrasyon](#)- Lei 13.445/17, art. 4° – garanti pou moun migran, kèleswa sitiyasyon migratwa pou ouvri kont bankè. Menm jan, atik 119 nan [Dekrè](#) - Decreto 9.199/17 ak Atik. 3° - nan [Dekrè](#) - Decreto 9.277/18 - yo garanti dwa sa pou moun ki fè demand Azil. Sa vle di, **ke moun la pa dwe diskrimine paske li se migran, moun ki mande azil ou refiye lè lap ouvri kont li nan bank la.**

Poutan, gen kèk bank jiska prezan yo pa aksèpte dokiman nan peyi orijin pou ouvèti yon kont. Sa ki gen rapó ak dosye sa, DPU te deja fè yon rekòmandasyon a bank brezilyen yo sou dwa sa, konsa ou kapab antre nan [lyen sa](#), enprime epi prezantel devan jeran bank la kote ou vle ouvri yon kont. Nan ka ou kontinye ak difikilte, antre an kontak avèk [DPU ki pi pwòch ou](#).

Li enpòtan pou sonje ke desizyon final pou louvri nenpòt kont, ke ou te brezilyen oswa imigran, se bank yo kap pranl paske se yo ki la kóm idantite pou evalye ris ki genyen ak kliyan yo. Sa pa te dwe rive, sepandan si bank la refize louvri yon kont paske moun lan se yon imigran: sa se yon trètman de diskriminatwa ki menm kondane pa la Lwa Migratwa.

Si ou jwenn difikilte nan bank konvansyonèl yo akoz kredi ou, yon lòt chwa se bank dijital yo ki fasilité pwosesis ouvèti yon kont nan bank yo.

Mwen pèdi yon dokiman pèsonèl. Kisa pou m fè?



Premye bagay ou gen pou fè se yon yon manda (Occurrence Bulletin (BO) nan Komisarya Polis Sivil ki pi pre ou a pou anrejistre dokiman ke ou pèdi a nan Paj sa [Komisarya Polis Sivil](#).

Si ou te pèdi yon dokiman ki te fèt nan peyi ou, pa egzanp paspò oswa kat idantite nasyonal, ou dwe chèche Konsil oubyen Anbasad peyi w epi enfòme sou kòman ou dwe emèt yon nouvo dokiman. Sepandan, si se dokiman regularizasyon migratwa -CRNM, DPRNM oubyen Pwotokòl d'Azil ou pèdi, nan ka sa, ou dwe mande yon dezyèm (2^a) nan Polis Federal la ankò.

Si CRNM ou pèdi, ou dwe ranpli [fòmilè an liy sa](#) formulário online, sanble tout [dokiman ki nesesè yo](#) documentos nécessarios epi pran yon randevou nan Polis Federal (PF). Ou kapab verifye kòman pou pran yon randevou nan Polis Federal nan reyon kote w ye [isi](#).

Pwosesis sa gen yon [frè](#) de R\$ 204,77 pou peye, men fòk ou sonje, si ou paka peyel paske ou pap travay oswa ou gen salè familyal ki ekivale a mwatye salè minimòm pou yon moun kap viv nan kay la, li posib pou w prezante yon [deklasyon ipososoufisan](#). Konsa, ou pa bezwen peye frè sa.

LI ENPÒTAN

Sonje pou w pote rapò Polis la (Occurrence Bulletin) (BO) nan jou pou renouvre dokiman ou a.

Kisa m bezwen fè pou antre fanmiy mwen Brezil?



Repons la pral depan de estati regilasyon migratwa ou. Nap detaye chak pwen sa yo nan mach a swiv la.

Si w gen **pèmi rezidans ki valide**- Kanè Anrejistremen Nasyonal pou Migrasyon:

Fanmiy ou dwe mande yon viza pou reyinyon familyal nan Anbasad Brezilyen an, kote yap viv la.

Pou pwosedi sa, yo ka mande yon lèt envitasyon, kote wap envite fanmiy ou yo pou vini Brezil, ak yon prèv ki montre ou se paran yo, yon batistè oubyen Ak de maryaj, elatriye, yon prèv ki montre salè ou ak chèk salè , ansanm ak resi kay kote wap viv nan Brezil ak lòt dokiman ankò ki dwe verifye dirèkteman avèk Anbasad brezilyèn la nan lokal kote fanmiy ou yo ye a.

Viza pou reyinyon familyal la pral pèmèt fanmiy ou, yo antre Brezil legalman, epi aprè yo fin rive, yo dwe al anrejistre nan Polis Federal.

Si, an ka fanmiy ou yo, te deja Brezil, yo kapab mande [otorizasyon rezidans](#) dirèkteman nan Polis Federal la, menm si yo pokò te janm mande viza avan, dèske yo se paran ou oswa patnè ou (madanm ou mari), gran papa, grann, papa, pitit oubyen pitit pitit sa pral depan de kapasite finansyè ou.

Poutan, nan ka **yon moun ki rekònèt kòm refijye**, ou gen dwa pou mande yon reyinyon familyal oubyen pou elaji efè pou estati refijye yo.

Nan ka sa, wap kapab mande yon reyinyon familyal an koup: mari, madanm, patnè, moun ki fè pati fanmi an; papa, manman, grann, gran papa, gran gran papa ak manman ak lòt paran toujou, sa pral depan pòch ou. (frè, sè, tant, tonton, neve nyès, kouzen, kouzin, tout moun ke ou gen yon afinite avèl, menm bèlmè, ak bòfrè). Pou plis enfòmasyon antre nan [sitwéb sa](#) site Ministè Jistis Ak Sekirite Piblik.

Premye pa ou dwe fè

Se fè demand reyinyon familyal nan CONARE (komite Nasyonal pou Imigran ak Refijye), ki pral voye yon lèt bay Ministè Relasyon Afè Etranje (MRE) pou enfòme antite konsila yo sou demand la.

Aprè yo fin voye dokiman yo ale nan MRE, fanmi yo pral gen pou ranpli yon fòmilè on-line ki disponib nan [sitwéb sa](#) pou mande viza epi lè ou fin ranpli l, siyen li, epi prezantel nan Konsila oubyen Anbasad Brezil la kote moun yo ye a, ansanm ak manifèstasyon dezi ou genyen pou rantre fanmiy ou nan pwogram reyinifikasyon nan Brezil. An plis de lòt dokiman ki nesesè pou fè demand la.

Antre an kontak avèk Biwo Konsila pou jwenn enfòmasyon sou tout dokiman ki nesesè pou ka fè demand viza a ak tan pwosesis la pral pran.

Li enpòtan pou sonje ke menm si ou anvi vini Brezil, ale nan anbasad la ak yon lèt pa vle di wap jwenn viza a pou sa. se jis youn nan dokiman ki dwe akonpaye aplikasyon viza a.

Atansyon: si pèmi rezidans ou a déjà baze sou reyinyon familyal, ou pa kapab rele lòt manm nan fanmi an.

Si ou pokò fè **regularizasyon migratwa oswa demand Azil la toujou**, malerezaman li pap posib pou fè demand reyinyon familyal. Moun ki fè demand azil yo, paka vini ak fanmi yo Brezil, paske pwosesis reyinyon familyal la kapab kòmanse sèlman apre desizyon Conare te pran sou demand pou rekonesans estati refijye. Men, si manm fanmiy ou te déjà antre Brezil, li posib pou mete yo nan demand azil ou a, epi, kidonk, regularize yo.

Kòman m kapab valide pèmi kondwi mwen nan Brasil?



Si w te fè pèmi kondwi ou nan lòt peyi, li nesesè pou fè validasyon l isit la, nan Brezil pou w kapab kondwi. Pou sa wap bezwen:

- 1 Gen pèmi kondwi ki valid nan peyi kote ou te fèl la;
- 2 Fòk ou gen plis ke 18 ane;
- 3 Ou dwe responsab pou reponn a tout krim ou komèt;
- 4 Fòk ou konn li ak ekri;

Siw akonpli tous sa yo egzije anlè a, ou ka chèche Depatman Trafik ki pi pre ou a, epi prezante dokiman sa yo:

- a) CPF;
- b) Pèmi kondwi ki valide nan peyi orijin ou;
- c) Tradiksyon sèman, pou dokiman ki pa nan lang pòtigé;
- d) Kanè Rejis Nasiona Migratwa (CRNM), paspò oubyen kanè travay-orijinal ak kopi senp;
- e) Resi/ paye kay ki fè nan dènye 3 mwa yo. Kont dlo, kouran, enténèt oswa kontra lveyaj.

Toujou kontakte Detran ki pi pre ou a, pou ka enfome sou kisa ou dwe fè. Pa egzanp, mande sil nesesè make yon orè epi konfime ki tip de dokiman yo egzije.

Pou konnen ki Detran ki pi pre ou klike [isi](#) – epi klike nan lyen Detran nan depatman kote wap viv la, epi tou klike nan Enstitisyon Sèvis/Pòs, Sèvis/Inite oswa Siretran, oubyen chèche tèm sa yo sou sitwèb la.

Dezyèm chimen

Dwa travay

Tout travayè nan Brezil gen dwa travay, tankou jou ferye 13èm salè (likidasyon) ak chif lannwit. Sa aplike tou, pou tout imigran ak refijye yo, san okenn distensyon de nasionalite oswa kondisyon migratwa li, selon art. 4°, ensize XI, da [Lei 13445/17](#). Sa vle di, li pa gen pwoblèm de ki peyi ou sòti, non plis si ou poko gen pèmi rezidans, ou gen dwa travay tou, ki dwe respekte!

KÒMAN POU EMÈT/FÈ YON KANÈ YON TRAVAY?

Aktyèlman, **Kanè Travay ak Previdans Sosyal (CTPS)** se yon dokiman **ki fèt sèlman nan fòm dijital, ki bezwen nimero CPF pou w ka fè I.** Ou kapab antre gratis ti cheri nan CTPS, pandan wap **telechaje aplikatif Kanè Travay Dijital** nan selilè ou [Apple Store](#) ou nan [Play Store](#), oswa nan òdinatè ou atravè sitwèb <https://servicos.mte.gov.br/>.

Pou eksplike kòman fè CTPS Dijital, Ministè Ekonomik la, te kreye yon kit ki bay enstriksyon ak tout etap sa yo nan pwosesis la. Klike [isi](#) pou gen aksè dokiman sa. Eske ou gen dout toujou sou Kanè Travay Dijital? Ebyen, verifye nan sesyon [Dout ki Frekan yo](#) nan sitwèb Anplwaye Brezil.



LI ENPÒTAN

Travayè yo ki pa gen selilè oubyen aksè pou entènèt dwe chèche Ministè Travay ak Anplwa nan rejon kote yo ye pou chèche èd pou ka fè CTPS, oswa ekip Círculos de Hospitalidade.



Ki dwa travay Migran yo?

Migran yo posede menm **dwa travay ak nenpòt lòt anplwaye, nan travay Ibèn oswa riral.** Pami dwa sa yo, nou kapab site prensipal yo.

Anrejistrement travay nan Kanè Travay la;

Pèyman pwopòsyonal ak salè minimòm: nan 2022, R\$1.212,00 pou 44 èdtan pa semèn;

Poz diran jounen travay: omwen 15 minutos pa jou ki rive jiska 6èdtan ak 1 èdtan pou jounen ki gen plis pase 6h;

Vakans: 30 jou de repo peye apre 12 mwa travay + ½ adisyonèl nan salè;

Repo semanal: minimòm 24 èdtan;

13° salè: salè ekstra, ki peye nòmalman nan fen ane, ki dwe enkli ladani lè ekstra yo, pèyman lannwit, pèyman mal swen, danje, konsèy ak komisyon yo;

Pèyman lannwit adisyonal 20% nan lè kòmen yo pou chak peryòd travay antre 22èdtan ak 5 èdtan

FGTS: valè anplwayè te peye yon valè de 8% li-sa pa kapab dedwi nan salèl.

Lè ekstra/siplementè: pou lè yo ki depase plis ke 8èdtan chak jou, adisyonèl la minimòm se 50% sou valè lè abityèl la

Konje/lisans matènité ak patènité: minimòm 120 jou pou manman yo ak 5 jou pou papa yo.

Yo pa pèmèt plis pase 2 èdtan siplementè travay pa jou;

Yo pa revoke fanm ansent yo san rezon jis, depi nan moman konfirmasyon gwo sès la jiska 5 mwa apre akouchman an;

Tout kantite lajan yo peye travayè a dwe parèt sou fich pèyman/resi an

Patwon an gen jiska 5yèm jou travay la poul peye salè a;

Kantite lajan, yo dwe apre revokasyon – pèyman dispansasyon – dwe peye nan 10 jou apre fen Kontra Travay la;

Vakans yo kapab divize jiska an 3 peryòd, plis ou mwen youn nan yo dwe o minimòm 14 jou

Kontribusyon Pwevansyè nan Enstiti Nasional d'Asirans Sosyal (INSS); rabè nan salè 7,5% a 14% pou moun ki pral antre nan pansyon ak benefis yo nan INSS;

Mwen gen mwens de 18 ane epi ta renmen travay nan Brasil. Li posib?



Wi, men gen plizyè lwa ki egziste. **Ti moun mwens de 14 ane pa ka travay anba okenn kondisyon.** Adolesan ki gen **14 ak 15 ane** sèlman ki kapab travay nan kondisyon "aprantisaj" pou maksimòm **6 èdtan pa jou.** Pou adolesan a pati **de 16 ane** kapab travay jis rive **8èdtan pa jou.**

Sa yo ki gen mwens de 18 ane, gen garanti dwa travay, tankou peye yon Pwopòsyonyèl pou yon salè minimòm, vakans peye, FGTS, INSS, Kanè Travay siyen ak 13èm salè. **Li entèdi pou ti moun mwens de 18 ane** travay diran lanwit antre 22èdtan (10h) ak 5 èdtan, nan yon lokal ki pa bon pou sante, oswa ki danjere ak lokal ki bay sèvis danje, tankou nan yon ba yo.

Kisa m dwe fè lèm wè dwa travay mwen yo pa respekte?



Kèk kò ak enstitisyon, yo ka kontakte pou w kapab chèche konfòmite ak dwa ou yo, epi resevwa tout kantite lajan yo dwe. An jeneral, sendika chak kategori travay kapab epi li ta dwe ede w konprann pwoblèm sa yo. Chèche konnen nan ki sendika ou fè pati pou tcheke dwa w. Ou ka konsilte lis sendika ki anrejistre nan Ministè Travay ak Sekirite Sosyal nan [lyen sa](#).

An plis de sendika yo, organizasyon publik yo tankou Ministè Piblik de Travay ak Ministè Travay la, ansanm ak Pasyon yo kapab ede w tou.

Nan ka pata gen youn nan yo tou pre kote w ye, li posib pou chèche oryantasyon gratis nan òganizasyon tankou Defansè Piblik, oswa Biro Asistans Jidisyé nan yon inivèsite.



LI ENPÒTAN

Travayè a gen yon dèle de **2 ane** apre fen kontra travay a pou l ka rezoud kesyon sou travay li, epi resevwa kantite lajan kel gen dwa.

Mwen travay pou yon lòt moun ak (oubyen) antrepriz, men Kanè Travay mwen pat siyen. Mwen gen dwa?



Wi. Menm si travay la pa te anrejistre nan Kanè Travay yo, anplwaye a gen tout dwa travay ki garanti, san distenksyon.

Siyati Kontra Travay la se responsabilite patwon an, epi anplwaye a pa dwe pini akoz de sa.

Kidonk, travayè a ki pat gen yon kontra fòmèl, men ki te travay toutan, ki gen kèk kalite bòs, e ki tap tann pou resevwa yon salè, **gen menm dwa** pou vakans, 13yèm salè, pèyman lannwit, lè siplemantè, FGTS, sekirite sosyal. ak tout lòt dwa travay yo.

Nan ka sa yo, li posib pou jwenn asistans jiridik gratis pou pèyman kantite lajan yo te dwe w la nan sendika daprè kategori li a nan Ministè Travay Piblik la ak nan Ministè Travay ak Byennèt/Pansyon.

Kisa arasman/asèlman seksyèl ak moral ye? Ki sa m dwe fè nan ka sa yo?



Arasman/asèlman moral

La fèt, lè travayè a soufri nan anviwònman travay li, kèk aksyon ki fini pa fòsel san volontel, imilyel, oswa ofansel. Pa egzanp, yon siperyè ki reklame anpil a yon fonksyonè, oswa yon kòlèg ki fè kòmantè ki rann yon moun wont devan yon lòt.

Arasman/asèlman seksyèl

Jeneralman li defini, tankou abi, konpòtman intimidatè, anbarasman fas a yon sitiyasyon seksyèl nan yon anviwònman travay. Pa egzanp, anmèdan an/hwizib la, ap toujou eseye itilize jès poul kapab fè yon moun mal profesyonèlman, lèl fè kòmantè anbarasan sou kò oubyen seksyèl yon lòt, oswa li chèhe touche moun la yon fason ki pa konfòtab.

Tou de (2) tip/kalite de arasman/asèlman sa yo kapab fèt pa yon moun ki okipe yon pozisyon ki pi wo, konsa tou ak yon kòlèg ki nan menm nivo yerachik avèl nan travay la.

Si tout fwa, ou ta pase nan yon sitiyasyon parèy, ou dwe kominike sa ak kèk moun nan antrepriz la, pa egzanp sektè Resous Imèn (RH). Si ou pa santiw konfòtab pou pale sa ak pèsòn ki nan menm antrepriz la kote episòd la te pase, ou kapab chèche [Ministè Travay ki pi pre ou a](#), oswa sendika a pou denonse sak pase a. Silposib, sanble tout prèv yo, tankou anrejistre yon dyalòg, e-mails, komisyón ak temwen yo.

Kisa Zenofobi ak rasis ye? Ki sa m dwe fè, si sa rive nan anviwònman travay mwen?



Yo ka eksplike **zenofobi** tankou **nepòt fòm de vyolans, oswa diskriminasyon ki motive pa diferans nasionalite, lang, reliyon, oswa etni**. Malerezman, anpil moun ki chanje peyi yo soufri zenofobi, espesyalman sa yo ki sòti nan peyi soudevlope yo.

Zenofobi nan Brezil gen rapò ak rasis, yon **prejije ki baze sou koulè po ak lòt karakteristik fizik, ki te kreye yon lide ke moun blan yo, siperyè a lòt moun yo**; nwa, mawon, endijèn oswa jòn yo.

Li enpòtan pou konnen ke nan Brezil, **zenofobi se krim**, selon atik 1° [nan Lwa n°7716/1989](#). Si ou soufri oswa ou wè lòt moun kap soufri zenofobi oubyen rasis, denonse! **Dis 100**, se yon sèvis ki te prepare pou resevwa tout ka ki gen rapò ak vyolasyon dwa moun epi eksplike kisa ou dwe fè nan chak sitiyasyon.

Ou kapab rele nan Dis 100, nan tout teritwa brezilyen an gratis ti cheri, jis make 100 nan telefòn fiks ou pòtab ou.

Anplis de sa, ou kapab kontakte sektè Resous Imèn la nan antrepriz ou a, oswa chèche [Ministè Travay ki pi pre ou a](#) pou denonse krim sa yo. Na ka sa yo, lap enpòtan tou pou w gen tout prèv de sak te pase a.

Twazyèm chimen

Aksè nan sèvis piblik yo: sante, edikasyon ak rezo sosyoasistansyal.

Lwa Migrasyon garanti aksè gratis pou imigran yo nan sèvis piblik ki pi varye nan Brezil, tankou sante, edikasyon ak asistans sosyal. Dwa sa yo se pou tout imigran nan peyi a kèlkeswa nasyonalite oswa sitiyasyon migratwa.

Nan paj sa yo nou pral prezante prensipal sèvis piblik refijye yo ak imigran yo gen dwa nan Brezil ak kóman ou ka jwenn aksè nan yo.

SANTE

Mwen bezwen yon sèvis medsen. Ki kote m dwe chèche éd?

Nan Brezil, atansyon medikal a travè Sistèm Inik se gratis de Sante (SUS) se gratis ak inivèsèl, sa vle di ke tout moun gen dwa pou sèvis li yo. Nan ka migran yo, Lwa sou Migrasyon an, daprè atizay. 3 nan Lwa n° 13.445/ ki bay garanti aksè nan sèvis sante piblik pou tout imigran nan peyi a, (fanm tankou gason).



ATANSYON

Ou gen dwa nan sistèm sante piblik la menm si ou poko gen yon pèmi rezidans oswa pwotokòl refijye. Kèlkeswa peyi ou soti oswa si ou poko fini pwosesis imigrasyon ou a: **ou gen dwa pou jwenn aksè nan sistèm sante piblik la.**



Sistèm Sante Inik (SUS) **se yon sistèm sante piblik gratis nan peyi a.** Atravè SUS, ou ka jwenn anpil resous pou pran swen sante ou. Konsa, si w bezwen swen medikal, ou ka chèche yon Inite Sante Debaz (UBS), yon Inite Swen Ijans (UPA) ak lopital.

Chak kote sa yo, UBS, UPA ak lopital la, bay yon kalite swen:

Inite Sante Debaz (UBS)

Ke yo rele tou **Sant Sante**, ou ta dwe ale ladani pou pran **swen debaz prensipal**. UBS se kote moun ka resevwa swen medikal ak prenatal, resevwa vaksen, gen aksè a medikaman gratis epi resevwa swivi pou divès maladi, tankou dyabèt, tansyon wo, tibèkiloz, elatriye.

Inite Swen Ijans (UPA)

UPA yo ouvri 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, epi yo ta dwe chèche **yo nan sitiyasyon ijan oswa ijans**, tankou tansyon wo ak lafyèv, ka zo kase, koupe, atak kè ak aksidans serebral vaskilè.

Lopital

Yo ta dwe chèche nan sitiyasyon ijans ki mande entène lopital, operasyon, egzamen, ki pi konplèks ak matènité. An jeneral, yo refere pasyan yo nan lopital la pa nivo avan yo (UBS ak UPAS) oswa pa anbilans.

Pou resevwa swen nan SUS la, ou bezwen Kat Sante Nasyonal la, ki ka fèt gratis nan de fason: nòmalman, atravè sit entènèt la nan. (Konekte SUS).

[Conekte SUS](#) oubyen telechaje aplikatif la **Konekte SUS** nan selilè pòtab ou, nan [Apple Store](#) oswa nan [Play Store](#); konsa tou prezansyèlman, nan Inite Sante de Baz ki pi pre kay ou a. Unidade Básica de Saúde mais próxima. Wap bezwen gen: (i) CPF, Kat Idantite – CRNM oubyen Pwotokòl d'Azil – oswa yon dokiman de peyi orijin ou; e (ii) resi /papye kay la kont limyè oswa dlo, ak deklarasyon kay la.

ATANSYON

Nan ka ou poko gen kèk dokiman sa yo ki sot site anlè a **sa paka anpechew resevwa swen medsen**. Lè konsa nap oryante pou prezante Lwa Migrasyon, ki pale sou dwa pou gen aksè nan sèvis piblik sante yo. Si tout fwa ou ta kontinye jwenn anpechman, chèche èd nan Defansè Piblik ki pi pre ou!

SA ENPÒTAN

Pwogram Famasi Popilè a – ou ka li plis [isi](#) – pèmèt popilasyon an gen aksè pou medikaman esansyèl yo, pa egzanp, remèd pou tansyon ki wo, opresyon, dyabèt, elatriye, de fason gratis. Pou gen aksè nan medikaman Pwogram sa, ou dwe parèt devan [famasi kredansyal a ki pi pre w la](#), pote dokiman pèsonèl ak preskripsyon medikal la.



Mwen ansent/Gwòs. Kòman pou m pran swen diran gwo sès mwen?



Nan Brezil, lè moun ansent, li dwe fè akonpanyeman/swivi medikal gwo sès la, yo rele sa prenatal.

Nan SUS, sèvis sa a se gratis epi li ta dwe kòmanse l touswit ke yon fanm dekouvrir gwo sès la. Pou sa, li enpòtan pou [chèche Inite Sante de Baz ki pi pre kay ou](#).

Prenatal la, li enpòtan pou fè swivi sante fanm ansent la ak ti bebe a. Fè egzamen, idantifye ak klasifike danje ki ka genyen nan gwo sès la, epi oryante sou akouchman an. Ou ka li plis sou sa [isi](#).

ATANSYON

Li trè enpòtan pou fè akonpanyeman/swivi prenatal, pou ou menm ak ti bebe a. Ekip nan Inite Sante de Baz la **kapab fè rechèch ativ pou fanm ansent ki pa kòmanse oubyen ki abandone konsiltasyon prenatal yo, konsa tou yo ka avize Konsèy Titilè**. Yap aveti fanm ansent la epi yap enstwi pou l resewva yon swivi. Swiv prenatal! Pou sante w ak sante tibebe w la.

EDIKASYON

Jiskaprezan mwen pokò gen dokiman nan Brezil. Mwen menm ak pitit, nou gen dwa pou edikasyon?

Konstitisyon Federal la garanti edikasyon nan Brezil kòm yon dwa pou tout moun. Lwa sou Migrasyon an, dapre atik. 3, enzise XI, ak atik. 4, atik X, nan Lwa No 13,445/17, garanti tou, aksè legal ak gratis nan edikasyon pou imigran, kèlkeswa nasjonalite ak sitiyasyon migratwa.

Nan fason sa, ou kapab fè enskripsiyon pitit ou nan yon lekòl, menm lè ou pokò gen dokiman brezilyen. Ou ka chèche [Sekretarya Edikasyon ki nan rejon ou](#) pou konnen kòman pou fè enskripsiyon.



Nan ka jèn ak granmoun yo, ki pat gen chans kòmanse oubyen fini etid li, lwa sa garanti dwal pou l gen edikasyon bazik- lekòl primè ak segondè. Konsa, ou kapab kòmanse oswa fini etid klasik ou nan fason sa yo:

EDIKASYON POU JÈN AK GRANMOUN (EJA)

Li se pou popilasyon ki gen laj 15 an, ou plis ki pa te gen aksè, oswa ki te entèwonpi etid yo avan yo te fini edikasyon debaz yo.

EGZAMEN NASYONAL POU SÈTIFICA KONPETANS POU JÈN AK ADIL (ENCCEJA)

Li fèt chak ane epi li pèmèt moun sa yo ki gen plis ke 15 an rive jwenn yon sètifica pou konkli etid primè, segondè (etid klasik), rive jwenn yon nòt ke yo bezwen.



LI ENPÒTAN

Nan ka moun imigran yo, yo pa dwe egzijel pou dokiman brezilyen oubyen dokiman ki montre nivo lekòl li nan peyi orijin li, selon [Rezolisyon n° 13/11/2020 an](#).

ASISTANS SOSYAL

Migran yo nan Brazil gen dwa nan asistans sosyal?

Wi, menm jan ak edikasyon avèk sante, asistans sosyal se yon dwa pou moun imigran yo ki trouve nan teritwa brezilyen an, daprè atik.3° e 4° nan Lwa Migrasyon n° 13.445/17.

Selon [sitwèb](#) nan gouvènman federal, Asistans Sosyal la se yon politik publik "ki organize atravè Sistèm Inik nan Asistans Sosyal la (SUAS), li prezan nan tout Brezil". Prensipal objetif li **se garanti ak proteksyon sosyal pou tout moun ki nan teritwa brezilyen an**. Pandan lap apiye yon fason individyèl, fanmiy, ak kominote pa entèmedyè kèk benefis, sévis, pwogram ak pwojè yo.



Kóman mwen ka gen aksè nan sèvis asistans sosyal yo?



Si w bezwen sèvis nan asistans sosyal, ou chèche [Sant Referans pou Asistans Sosyal \(CRAS\)](#) ki pi pre w la. Pou plis enfòmasyon sou pwogram yo ki disponib nan CRAS, jis klike [isi](#).

Nan CRAS, moun imigran yo tou kapab fè enskripsyon nan Anrejistreman Inik (CadÚnico) pou pwogram sosyal yo nan gouvènman federal. Li posib pou fè yon Pre-anrejistreman atravè [aplikatif](#) nan Apple Store ak Play Store oswa nan [sitwèb](#) nan òdinatè ou.

Anrejistreman Inik la se yon rejis ki pèmèt gouvènman brezilyen konnen ki fanmiy ki gen yon salè ba nan Brezil. Nan fason sa, ou kapab fèl si:

Fanmiy ou gen yon **salè chak mwa ki rive jis ka yon salè minimòm pa pèsòn;**

Salè mansyèl la ekivale a 3 salè minimòm, sa vle, lè ou adisyoné tout salè fanmiy an total ki bay jis 3 fwa salè minimòm.

Si lap viv nan la ri, **swa yon sèl moun ou yon fanmiy ki nan sitiyasyon nan lari.**

Enskripsyon an, dwe fèt prezansyèlman pa yon manm nan fanmiy la ki aje plis ke 16 ane- epi li bezwen prezante CPF li. Lap nesesè tou pou prezante yon dokiman idantite de chak moun nan fanmiy la.

ATANSYON

Fòk ou toujou aktwalize enfòmasyon Anrejistreman Inik la, lè ou gen chanjman nan fanmiy la. Tankou lè yon ti moun fèt oubyen mouri nan fanmiy la, chanjman adrès, timoun ki antre lekòl oswa ki sóti, salè elatriye.

Anplis de CRAS, a Asistans Sosyal konte ak inite pou sèvis sa yo:

SANT REFERANS ESPESYALIZE ASISTANS SOSYAL (CREAS)

Lokal ki gen sèvis endividyièl oswa fanmiy ki nan sitiyasyon de danje sosyal oubyen ki gen dwa yo vyole. Yo resevwa ka vyolans kont fanm, abandon, retrè nan lavi fanmi akòz aplikasyon mezi pwoteksyon, vyolans seksyèl, fizik ak sikolojik, sanzabri, diskriminasyon ki baze sou ras/etni site ak/oswa oryantasyon seksyèl, travay timoun, elatriye. [Chèche CREAS nan kòmin oswa rejon ou](#). Sèvis yo se publik ak gratis.

SANT REFERANS ESPESYALIZE POU POPILASYON KAP VIV NAN LARI (CENTRO POP)

Lokal ki gen sèvis pou moun ki trouve yo nan lari. Li enpòtan pou imigran yo ki nan sitiyasyon sa, [adrès Sant POP](#), kapab itilize adrès kòm adrès de referans.

Ki benefis asistansyèl mwen gen dwa nan yo?

Kèk benefis ak pwogram aistansyèl ki disponib se:

SEKOU BRAZIL (KI RANPLASE BOUS FAMILYAL)

Pwogram ki fè transfè yon salè pou fanmiy yo ki nan sitiyasyon ekstrèm de povrete ak povrete ki resevwa yon **salè mansyèl pou chak moun jis rive R\$ 210,00** epi ki enskri nan Anrejistreman Inik la.

Valè a ak lòt egzijans yo varye selon konpozisyon fanmiy la. Pou sa, fòk yo konsilte CRAS oubyen antre nan [paj entènèt pwogram nan gouvènman federal la](#).

BENEFIS POU PÈYMAN KONTINYE (BPC):

Benefis ki garanti yon salè minimòm pa mwa pou granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis, oubyen pou moun ki andikape de nenpòt laj. Pou gen dwa a BPC a, li nesesè ke salè pou chak moun nan gwoup fanmiy la dwe egal oubyen mwens a $\frac{1}{4}$ de salè minimòm, sa vle di, R\$ 303,00 em 2022, epi fòk moun la ta dwe enskri nan Anrejistreman Inik la (CadÚnico).

BPC a, se pa yon panson. Pou gen dwa nan benefis sa, li pa fòseman pou w te travay oubyen kontribiye nan INSS. Li plis sou [sitwèb](#).

ID JÈN

Dokiman ki posibilité pou peye mwatye kób pou antre nan pwogram atistik, kiltirèl ak espòtif, tou kòm gen aksè nan pasaj gratis oubyen rabè nan transpò kolektif pou lót depatman yo. Yo ka fè dokiman sa ak pwofite benefis yo pou moun de 15 a 29 ane ak yon salè familyal chak mwa ki rive jis a 2 salè minimòm epi tou ki enskri nan Anrejistreman Inik. Li plis sou sa, [isi](#).

Ki sèvis ki disponib pou moun kap viv nan lari yo?



Si wap viv nan lari, ou kapab chèche **Sant Referans Espesyalize pou Popilasyon kap viv nan Lari a (Centro Pop)**, kote sa dedye pou moun ki itilize lari tankou yon espas pou yo rete, yon fason tamporè- pou kèk jou, ouyen pèmanant.

Ou ka:

Poze késyon sou dwa ou ak kòman pou rive gen aksè;	Jwenn api pou regularize dokiman pèsònèl ou;
Sere/kenbe bagay ou yo;	Fè ijyèn pèsònèl;
Itilize sal lesiv la;	Gen aksè pou alimantasyon;
Resevwa referans nan lòt sèvis politik publik yo, lè sa apwopriye.	

ATANSYON

Moun ki san abri sèlman apèn pou dómi oubyen kila pwovizwaman, kapab gen aksè tou nan sèvis Sant POP (Centro POP).

Si jiska prezan ou pokò gen dokiman brezilyen/ak oubyen dokiman nan peyi w, ou kapab jwen aksè tou nan sèvis sa yo nan enstitisyon sa. Dabò, youn nan aktivite Sant POP, se apiye pou gen aksè oubyen regalizasyon dokiman.



LI ENPÒTAN

Adrès Sant POP kapab itilize tou, kóm referans nan Anrejistreman Inik epi tou pou chèche kèk pòs travay/anplwa.

ATANSYON

Si vil ou pa gen yon Sant POP, chèche [CRAS ki pi pre ou](#) pou ka jwenn referans nan sèvis espesyalize pou moun yo kap viv nan lari a.

Mwen vle lwe oswa, mwen lwe yon imèb. Ki sam ta dwe konnen?



Premyèman, li enpòtan ke lweyaj imèb la dwe fèt payon **kontra ekri**, ki dwe siyen pa propriétè imèb la, ak moun ki lwe a epi 2 temwen.

Li bon pou ou, pou ke **Kontra Lweyaj** la gen tout enfòmasyon ki enpòtan yo ladani, tankou **delè kontra a valè mansyèl lweyaj la Kèk ajisteman posib pou valè lweyaj la, ki moun kap responsab pou taks yo**, si ta gen **amand akoz reta**, elatriye.

Menm si ke yo pa te fè yon Kontra Lweyaj ekri, Lwa sou Lokatè a – [Lwa n°8245/91](#) – etabli kèk règ ki dwe respekte nan tout ka sa yo.

Se kèk dwa debaz pou moun ki lwe yon imèb/ pwopriyetè - nan lokatè a: tcheke sitiyasyon an nan pwopriyete a nan moman livrezon epi enskri an ak pwopriyetè a, alekri, domaj posib ak echèk, resevwa pwopriyete a nan yon bón kondisyon pou itilize ak resevwa prèv pèyman nan pri lwaye yo.

LI ENPÒTAN

Sil posib, **toujou mande resi pèyman lweyaj la**. Se **devwa** pou moun kap lwe yon imèb: peye lweyaj nan delè, remèt imèb la nan menm eta ou te resevwa l, pa fè okenn chanjman san otorizasyon propriétè a avize propriétè a sou nenpòt pwoblèm ki rive-de preferans, ekril pito-ak peye depans dlo, limyè, gaz ak kondomin la.



IPTU: Taks sou pwopriyete ibèn ak teritwa (IPTU) se yon taks ke minisip/kòmin yo touche sou pwopriyete **imèb yo**. Li faktire chak ane, an jeneral nan kòmansman ane a kòmanse nan mwa janvye. Valè li, ka peye an lajan kach oswa an vèsman/pa moso.

Si an ka, li pa nan kontra a, se responsabilite pwopriyetè a pou peye IPTU a. Si yo te dakò ke IPTU a se responsabilite lokatè a, ou ka peye dirèkteman bay mèt kay la - sonje pou mande yon resi - oswa jwenn enfòmasyon ki nesesè yo sou sit entènèt minisipal kote ou ye a, epi peyel elektwonikman oswa peye dirèkteman nan Mèri a.

Mwen nan lweyaj epi gen kèk pwoblèm nan imèb la, oubyen ki domaje. Ki moun ki dwe peye pou ranjel : mwen menm oswa propriétè a?



Reparasyon esansyèl ak sa pi ijan yo, tankou fil elektrik, kanalizasyon, enfiltrasyon, ranplasman etaj ak reparasyon do kay, pami lòt ankó, se responsabilite pwopriyetè a.

Poutan, renovasyon oswa solisyon pou pwoblèm ki te koze pa itilizasyon, tankou bouche flit ak twou nan miray la, se responsabilite lokatè a.

An jeneral, si pwoblèm nan te egziste anvan lokasyon an, mèt kay la responsab pou repare li.

GLOSÈ

APATRID

Yon moun ki pa rekonèt pa okenn peyi kòm yon nasyonal epi ki pa gen dwa gen yon nasyonalite.

OTORIZASYON REZIDANS

Otorizasyon rezidans lan se yon pwosedi migratwa pou yon moun etabli nan Brezil sou yon baz regilye, tanporèman oswa pèmanan.

BILTEN SAK PASE A/ (BULLETIN OCCURRENCE (BO)

Se dokiman ofisyèl ki itilize nan ògan tankou Lapolis Sivil, Polis Federal, pami lòt ankó, pou anrejistre rapò krim.

CONARE

Komite Nasyonal pou Refijye (Conare) se yon kò kolèj, ki lye ak Ministè Jistis ak Sekrite Piblik, ki analize ak deside sou demand yo pou rekonesans estati refijye nan Brezil. Pou plis enfòmasyon, vizite [lyen sa a](#).

CONSÈYTITILE

Se yon enstitisyon piblik ki gen pou objektif aji nenpòt lè dwa timoun ak adolesan yo menase oswa vyole.

LEJISLASYON MIGRASYON AN

Se yon seri lwa ki rasanble prensipal nòm nasyonal ak entènasyonal sou migrasyon ak refij epi ki sèvi kòm yon enstriman pou garanti dwa popilasyon migran ak ipotèz prensipal regularizasyon migratwa nan peyi a.

MIGRAN

Moun ki kite peyi orijin yo epi ki nan Brezil. An jeneral konsèp sa a, asoye ak yon moun ki te chwazi emigre akòz faktè ekstèn oswa nan objektif pou amelyore kondisyon lavi yo.

IMIGRAN SAN PAPYE OSWA IREGILYE

Yon moun ki nan Brezil, men ki poko kapab konplete regularizasyon migratwa yo oswa ki gen yon dokiman migratwa ekspire.

YON REFIJYE

Dapre [Ajans Refijye Nasyonzini an \(UNHCR\)](#), se yon moun ki «ki soti nan peyi orijin li akòz laperèz ki byen fonde, pou pèsekisyon ki gen rapò ak ras, reliyon, nasyonalite, manm nan yon gwoup sosyal patikilye oswa opinyon politik, osi byen ke vyolasyon grav ak jeneralize dwa moun ak konfli ame», ki mete lavi yo an danje.

ANREJISTREMAN

Nan kontèks regularize migrasyon an, enskripsyon / anrejistreman se yon pwosedi idantifikasiyon civil Lapolis Federal fè pou bay yon nimewo Rejis Nasyonal Migrasyon (RNM) ak Kat Rejis Nasyonal Migrasyon (CRNM). Yon moun ki te akòde yon viza tanporè avan li te vin Brezil oswa ki te gen yon pèmi rezidans aksepte epi pibliye nan Jounal Ofisyèl la (DOU) ka itilize kategori regularize sa a.

REGULARIZASYON MIGRASYON

Se pwosesis kote migran an jwenn dokiman idantifikasiyon nasyonal li, epi li resevwa otorizasyon pou rete nan peyi Brezil sou yon baz regilye.

SENDIKA

Yon sendika se yon asosyasyon travayè ki gen objektif, defann dwa yon kategori. Gen anpil sendika, epi chak younn responsab pou yon kategori pwofesyonèl nan yon rejjon espesifik. Pa egzanp, sendika profesè nan Florianópolis, e lót nan Chapecó, konsa tou gen sendika metaloujik a São Paulo, ak lót nan Rio de Janeiro. Ou kapab chèche sendika de kategori ou [isi](#).

SITIYASYON MIGRATWA

Endike estati migratwa moun nan, sa vle di, si nan moman li pa gen papye oswa li iregilye, si li te deja regularize epi nan ki fason - li se yon moun kap chèche azil, li gen yon pèmi rezidans, elatriye.

MOUN KAP CHÈCHE AZIL

Yon moun ki rekonèt tèt li kòm yon refijye, ki te fè yon aplikasyon pou azil nan Komite Nasyonal pou Refijye (Conare) epi ki tap tann yon desizyon sou estati li.

Kontakte nou



circulosdehospitalidade.org



contato@circulosdehospitalidade.org



[circulosdehospitalidade](#)



+55 (48) 99638-0528